# <u>आकाशवाणी, गोरखपुर</u>

## दिनांक–27 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस सरकार क आठ बरिस पूरा भइले के मौका पर आजु मिर्जापुर में आयोजित भइल कार्यक्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सामिल भइलें। येह दौरान उहां के कई गो विभागन की ओरि से आयोजित विकास परदरसनी क अवलोकन कइ के जिला के कई गो परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलीं। सथहीं, उहां के लोक कल्याणकारी योजना के लाभार्थियन के प्रमाण पत्रो बंटलीं। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि मां विन्ध्यवासिनी के आसीरबाद अउर डबल इंजन क भाजपा सरकार के कोसिस से मिर्जापुर के विकास के गति कई गुना बढ़ि चुकलि हौ। उहां के कहलीं कि सरकार मुख्यमंत्री युवा उद्यमी विकास अभियान के तहत पांच लाख रूपिया ले तक बेयाज मुक्त ऋण दे रहलि हौ। प्रदेस में चारो ओरि निवेस हो रहल बा। उद्यमियन अउर ब्यौपारियन के उद्योग अउर ब्यौपार बदे पूरा माहौल दीहल जा रहल हौ। प्रदेस में एक्सप्रेस–वे अउर फोर लेन सड़किनि क जाल बिछावल जा रहल हौ त जिलन क अन्दरो क सड़कि चौड़ा कइल जा रहल बा।

***जनता एक्सप्रेस–वे देश का सबसे बड़ा एक्सप्रेस–वे है यह एक्सप्रेस–वे अभी तक मेरठ से प्रयागराज के बीच में हमलोगों ने तय किया है कि हमलोग सर्वे करें और माँ विन्धवासिनी के धाम को जोड़ते हुए बाबा विश्वनाथ धाम को जोड़ते हुए इस एक्सप्रेस–वे को पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे के साथ जोड़ा जाए।***

येह मौका पर मुख्यमंत्री संवाददातो लोगिन से बतियावत में सरकार के आठ सालि के सफर क उपलब्धी बतवलीं।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आयुष विभाग अउर गृह विभाग बदे उत्तर प्रदेस लोक सेवा आ अउर उत्तर प्रदेस अधीनस्थ सेवा चयन आयोग के ओरि से चयनित दुइ सौ तिरासी चिकित्सा अधिकारियन अउर कनिस्ठ प्रयोगसाला सहायकन के आजु नियुक्ति पत्र बंटलें। लखनऊ क लोक भवन में आयोजित येह कार्यक्रम में नया चयनित अभ्यर्थियन के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि देस क सेवा नारा चाहे भासणन से नाहीं बलुक ईमानदारी से अपने कर्तव्यन के निभवले से होला। मुख्यमंत्री अपने सम्बोधन में अपने सरकार क पछिला आठ सालि के उपलब्धियन क चरचा करत कहलें कि हमनी के प्रदेस में साढ़े आठ लाख नौजवानन के सरकारी नोकरी दिहले हई। मुख्यमंत्री आयुष विभाग के कार क बिस्तार से चरचा कइलें।

***उत्तर प्रदेश में तो आज के दिन तक हमलोगों ने सरकार आने के बाद एक आयुष विश्वविद्यालय की स्थापना का कार्य हमारा पूरा हो चुका है। वर्तमान में दो हजार एक सौ चौदह आयुर्वेद, दो सौ चौवन यूनानी, एक हजार पांच सौ पचासी होम्योपैतिक चिकित्सालयों का संचालन भी आज उत्तर प्रदेश के अंदर हो रहा है।***

**********

प्रदेस सरकार क आठ सालि बेमिसाल– सेवा, सुरक्षा अउर सुसासन के तहत बनारस जिला में आयोजित तीनि दिन क विभागीय परदरसनी अउर परिचरचा क आजु समापन हो गइल। प्रदेस सरकार में श्रम अउर सेवायोजन आ समन्वय विभाग क मंत्री अनिल राजभर आयोजन में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि पछिला आठ बरिस में बनारस के धरती पर करीब एकतालीस हजार करोड़ रूपिया से बेसी क कार भइल हौ। येही क्रम में प्रदेस क चित्रकूट, प्रतापगढ़ अउर श्रावस्ती के सथहीं कई गो अउरियो जिलन में कार्यक्रम क आयोजन कइ के सरकार के आठ सालि के उपलब्धियन पर रोसनी डारल गइल।

**********

लखनऊ के मोहान रोड पर एगो संस्था में तबीयत बिगडले से मानसिक मंदित चारि लइकन क मउति हो गइल। बीतल दिनन में राति के खाना खइले के बाद संस्था क करीब सत्तर लइकन क तबीयत बिगड़ि गइल रहे। मुख्य चिकित्सा अधिकारी डॉक्टर एनबी सिंह बतवलें कि छियालीस लइकन क इलाजि संस्था परिसरे में कइल गइल। हमरे प्रतिनिधि बतवलें कि अस्पताल में भरती करावल गइल चउबीस लइकन में से तीनि लइकन क सोम्मार के मउति हो गइल रहे ओहीं एक लइका आजु दम तूरि दिहलस। लखनऊ के जिलाधिकारी विशाख जी येह लइकन के मउति क पुस्टि करत कहलें कि मामिला क जांचि करावल जा रहल हौ।

**********

आजु विस्व रंगमंच दिवस हौ। येह बरिस क बिसय हौ–रंगमंच और शान्ति की संस्कृति। एगो खास बातचीत में रंगमंच कलाकार अउर बॉलीवुड क जानल–मानल अभिनेता पुनीत तिवारी आकाशवाणी समाचार से आपन बिचार साझा कइलें।

**थियेटर जीने की कला है। आप कैसे जीते हैं। उसमें हर चीज सीखना होता है। कोई एक चीज आप सीख लिये और उससे आपका विकास नहीं होता है। तो थियेटर आपको हर कुछ सीखने का मौका देता है और थियेटर में कोई रीटेक नहीं है जैसे आप कैमरे में कैद किये जा रहे हैं। फिल्म बनाया जा रहा है। तो आपको वहां पे रीटेक की संभावना है। थियेटर भी जीवन की तरह है जिसमें कोई रीटेक नहीं है।**

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर के सथहीं कई गो अउरियो जिला तेज घाम के साथे–साथ आजु पूरा दिन गरम बेयारि के परभाव में रहल। येह बिच्चे मौसम विज्ञान विभाग प्रदेस क पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन में दुइ अपरैल ले मौसम सुस्क रहले क सम्भावना जतवले हौ।

**********